

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab bakal medar ngeunaan desain panalungtikan, data, sumber data panaluntikan, sarta instrumén panalungtikan. Nalika nalungtik sangkan bisa ngahasilkeun panalungtikan nu hadé, tangtu kudu ngagunakeun métode panalungtikan nu tangtu. Métode nyaéta cara pikeun ngumpulkeun data panalungtikan. Saluyu jeung pamadegan Sugiyono (2016, kc. 3) nétélakeun yén métode panalungtikan nyaéta cara panalungtik dina ngumpulkeun data.


Panalungtikan ieu ngagunakeun pamarekan kualitatif, pamarekan kualitatif téh ngadéskripsikeun dina wangun kekecapan dina hiji kontéks husus nu alamiah (Rahmat, 2009, kc. 2), dina métode nu dipaké nyaéta déskriptif analitik. Métode déskriptif analitik téh nyaéta métode nu digunakeun pikeun ngadéskripsikeun sacara sistematis fakta atawa karakter tina objék anu dianalisisna (Ratna, 2021, kc. 53). Cindekna, métode ieu téh pikeun ngaguar sacara teuleub pasualan-pasualan faktual dina hiji objek.

Dina panalungtikan ieu métode déskriptif analitik miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis objék dina novel *Kembang nu Dipitineung* karya Tety S. Nataprawira tuluy dipatalikeun jeung kaopat aspék citra wanoja.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nyaéta rarancang nu rék dilakukeun ku panalungtik dina prosés panalungtikan (Arikunto, 2013, kc. 90). Desain panlungtikan ieu téh jadi léngkah-léngkah pikeun panalungtikan, ti mimiti nepi ka akhir atawa nepi kacindekan. Desain dina ieu panalungtikan baris diguar dina bagan di handap ieu.

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



3.2 Téknik Ngumpulkeun jeung Ngolah Data

3.2.1 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik ngumpulkeun data nyaéta salah sahiji léngkah stratégis pikeun ngaguar data-data nu rék dianalisis dina panalungtikan. Nurutkeun Sugiyono (2016, kc. 62) téknik ngumpulkeun data mangrupa léngkah nu stratégis dina panalungtikan. Ku kituna panalungtik kudu maham pisan kana léngkah-

léngkah ngumpulkeun data, sangkan data-data nu rék dianalisis kaguar sacara gembler.

Dina panalungtikan ieu téknik ngumpulkeun datana ngagunakeun studi pustaka. Téknik ieu dipaké pikeun ngumpulkeun jeung nganalisis data ogé pikeun néangan sumber-sumber nu bisa ngarojong kana ieu panalungtikan. Cara ngalarapkeun téknik ieu nyaéta macaan jeung maluruh sumber data novel *Kembang nu Dipitineung* jeung sumber-sumber data lianna.

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, nyaéta:

- 1) maca novel *Kembang nu Dipitineung* karya Tety S. Nataprawira.
- 2) maluruh téma, fakta carita (galur, palaku jeung watek, sarta latar), jeung sarana carita (judul, puseur implengan jeung gaya basa) dina novel *Kembang nu Dipitineung* karya Tety S. Nataprawira.
- 3) maluruh aspék citra wanoja (citra fisik, citra psikis, citra di kulawarga, jeung citra di masarakat).
- 4) nyalin kana kode data sangkan leuwih babari diolah.

3.2.2 Téknik Ngolah Data

Téknik ngolah data nyaéta téknik nu digunakeun pikeun ngolah data panalungtikan sangkan meunang kacindekan tina panalungtikan éta. Téknik ngolah data nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téknik analisis déskriptif kana struktural jeung citra wanoja. Nurutkeun Meolong dina (Djajanegara, 2000, kc. 85-86) yén téknik analisis struktur carita ngawengku téma, fakta carita (galur, tokoh jeung watek, sarta latar), jeung sarana carita (jejer, puseur implengan, jeung gaya basa).

Léngkah-léngkah ngolah data baris diguar di handap ieu.

- 1) Milih karya nu rék ditalungtik.
- 2) Nganalisis data, ku cara maluruh kana masalah nu geus ditangtukeun, nyaéta analisis bagian-bagian nu nuduhkeun struktur carita (téma, fakta carita (galur, tokoh jeung watek, sarta latar), jeung sarana carita (jejer, puseur implengan, jeung gaya basa)), jeung aspék-aspék citra wanoja (citra fisik wanoja, citra psikis

wanoja, citra wanoja di kulawarga, jeung citra wanoja di lingkungan) nu aya dina novel *Kembang nu Dipitineung* karya Tety S. Nataprawira.

- 3) Nyalin kana kartu data struktural, jeung citra wanoja sangkan leuwih babari diolahna.
- 4) Nyindekkeun hasil data nu geus kapaluruh.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat nu bisa digunakeun pikeun ngumpulkeun jeung maluruh data dina prosés panalungtikan. Aya sababaraha instrumén anu bisa digunakeun diantara nyaéta: (1) tés, (2) obsérvasi, (3) angkét, (4) *interview*, (5) dokuméntasi, jeung (6) skala bertingkat (rating).

Instrumén panalungtikan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Kartu data ieu jadi hasil tina analisis struktur carita jeung citra wanoja tina novel *Kembang nu Dipitineung* karya Tety S. Nataprawira.

3.3.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

3.3.1.1 Instrumen Ngumpulkeun Data Struktur Carita

1) Téma

Tabél 3.1 Conto Tabél Data Téma

Téma	Cutatan Carita	Kaca
	Pasualan Ngeunaan Awéwé nu Disalingkuhkeun Dina suratna, Dimas Wakca hayang leuwih ti sosobatan. Sekar Cangcaya, da sidik apan panggih ogé acan. Wawuh kakara sakadar dina sura. Sanajan mémang bener dina surat téh bisa silih témbakkeun karesep, nu lila-lila jadi kasono. Tapi can puguh lamun geus panggih mah. Nu kungsi kaalaman ku Sekar jadi eunteung. Apan sakitu geus tunangan ogé, gagal. Bolay. Tunangan Sekar teu satia.	22-23

2) Fakta Carita

Tabél 3.2 Conto Tabél Data Fakta Carita
(Galur, Palaku/Watek, Latar)

Fakta Carita	Cutatan Carita	Kaca
Galur	Harita, hawa Jogja keur karasa pisan panasna, bayeungyang. Balik kuliah, Dimas manggihan amplop surat nu ngagolér handapeun panto kamarna. Diilikan, dina adrésna kabaca, keur Faisal, Jalan Kauman No. 8 Jogjakarta. Lain keur manéhna, jeung lain keur alamat panganjrekanana.	5-6
Palaku/Watek	Dimas anteng muter lamunanana. Nyawang nu rék dianjangan. Haténa tagiwur. Sieun nu dipiharepna nyolédat, bekas nyalahan.	5
Latar	Karéta Api Senja Bandung-Jogja, taun 1970-an, nu ditumpakan ku Dimas ka Bandungkeun, geus ngageuleuyeung. Jam dalapan peuting di setatsion Tugu.	5

3) Sarana Carita

Tabél 3.3 Conto Tabél Data Sarana Carita
(Jejer, Puseur Implengan, Gaya Basa)

Sarana Carita	Cutatan Carita	Kaca
Jejer	Nalika kasonona ka Dimas lir sora lambak nu noélan haténa. Di dinya aya kembang	83

	nu keur mangkak. Kembang atina nu dipitineung.	
Puseur Implengan	Nu kungsi kaalaman ku Sekar jadi eunteung. Apan sakitu geus tunangan ogé, gagal. Bolay. Tunangan Sekar teu satia. Sekar eembung ngalaman deui kawas kitu. Tapi naha Dimas beuki lila beuki karasa ngeusian lolongkrang haténa?	23
Gaya Basa	Rarahulan Surat walonan ti Sekar dibaca, angen Dimas tutunggulan awahing ku atoh. Tapi geus rada kajudi, katangén Sekar rada ngambek.	15

3.3.1.2 Instrumén Ngumpulkeun Data Citra Wanoja

Tabél 3.4 Conto Tabél Data Citra Wanoja

Citra Wanoja	Cutatan Carita	Kaca
Citra Fisik Wanoja	Siga kumaha ari Sekar? Haté Dimas tumanya. Tuluy ngaréka. Mojang Sunda nu dipikageugeuteun. Nu geus ngajarkeun rasa Sono...	66
Citra Psikis Wanoja	Sekar rék meundeutkeun haté, moal rék narima sasaha, iwal ti ukur sosobatan saperti jeung Faisal...	27
Citra Wanoja di Kulawarga	Sekar sok horéam lamun kolotna nanyakeun masalah Héndra. Sekar sok ngarasa teu hayang buru-buru boga salaki...	27
Citra Wanoja di Masarakat	Sekar ngahaja mopohokeun. Ngabangbrangkeun haténa nu inget	36

	waé ka Dimas. Perhatianana dipuseurkeun kana gawé. Beuki loba pagawéun, beuki resep...	
--	--	--

3.3.2 Instrumén Ngolah Data

1) Struktur carita dina novel *Kembang nu Dipitineung*

Tabél 3.5 Conto Analisis Struktur Carita

Kartu Data Analisis Struktur (Latar)	
Kode Data	: SC/4/1/5/1
Jenis Latar	: Latar waktu jeung tempat
Cutatan	: “ <i>Karéta Api Senja Bandung-Jogja, taun 1970-an, nu ditumpakan ku Dimas ka Bandungkeun, geus ngageuleuyeung. Jam dalapan peuting di setatsion Tugu.</i> ”
Analisis	: Cutatan carita nuduhkeun latar waktu jeung latar tempat dimana palaku (Dimas) keur aya di karéta api, nu jalan rék ka Bandungkeun.

Kode data : SC/4/1/5/1

Keterangan : Kode SC nuduhkeun kana analisis struktur carita
 Kode 4 nuduhkeun analisis latar
 Kode 1 nuduhkeun kana runtuyan data
 Kode 5 nuduhkeun kaca cutatan carita
 Kode 1 nuduhkeun paragraf

Kode dina struktur carita nya éta (1) téma, (2) galur, (3) palaku&watek, (4) latar, (5) jejer, (6) puseur implengan, jeung (7) gaya basa.

2) Citra wanoja dina novel *Kembang nu Dipitineung*

Tabél 3.6 Conto Analisis Citra Wanoja

**Kartu Data Analisis Citra Wanoja
(Citra Wanoja di Kulawarga)**

Kode Data : CW/3/1/27/9

Cutatan : “*Sekar sok horéam lamun kolotna nanyakeun masalah Héndra. Sekar sok ngarasa teu hayang buru-buru boga salaki...*”

Analisis : Data kadua ieu asup kana aspék nu katilu nyaéta citra wanoja di kulawargana, ku sabab ku ayana rasa horéam éta, nyieun sikep Sekar jadi kurang sopan ka kolotna, lain ngalawan tapi leuwih kana horéam ngajawabna, nu antukna nyababkeun sikep Sekar ka kolotna kurang merenah.

Kode data : CW/3/1/27/9

Keterangan : Kode CW nuduhkeun kana analisis Citra Wanoja
Kode 3 nuduhkeun analisis aspék citra wanoja
Kode 1 nuduhkeun kana runtuyan data
Kode 27 nuduhkeun kaca cutatan carita
Kode 9 nuduhkeun paragraf

Kode dina citra wanoja nya éta (1) citra fisik wanoja, (2) citra psikis wanoja, (3) citra wanoja di kulawarga, jeung (4) citra wanoja di masarakat dina novel *Kembang nu Dipitineung*.

3.4 Data jeung Sumber Data

3.4.1 Data

Malinda Ratnapuri, 2023

Citra Wanoja dina Novel Kembang nu Dipitineung Karya Tety S. Nataprawira (Ulukan Struktural jeung Féminisme)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Data dina panalungtikan ieu nyaéta sadaya informasi patali jeung struktur sarta aspék citra wanoja nu aya dina novel *Kembang nu Dipitineung*. Anapon data-data pikeun ngeuyeuban panalungtikan nyaéta tina artikel, jurnal, jeung panalungtikan-panalungtikan saméméhna nu ngaguar ngeunaan struktural jeung citra wanoja.

3.4.2 Sumber Data

Data-data nu dipaluruh nyaéta tina novel *Kembang nu Dipitineung* karya Tety S. Nataprawira. Nu dianalisis tina panalungtikan ieu nyaéta struktur carita ngawengku téma, fakta carita (galur, palaku/watek, latar), jeung sarana carita (jejer, puseur implengan, gaya basa). Tur analisis ngeunaan opat aspék citra wanoja, nyaéta citra fisik wanoja, citra psikis wanoja, citra wanoja di kulawarga, jeung citra wanoja di masarakat.

3.4.3 Idéntitas Novel



Gambar 3.3 Jilid Novel
Kembang nu Dipitineung

Judul	: Kembang nu Dipitineung
Pangarang	: Tety S. Nataprawira
Medal	: 2021
Pamedal	: Pustaka Jaya
Kandel buku	: 84 Kaca

3.4.4 Ringkesan Carita

Mimiti ti tokoh Sekar nu rék méré surat ka sobatna, Faisal nu aya di Jogjakarta, tapi manéhna salah nulis alamat, surat nu dikirim ku Sekar jadi ditampi ku Dimas. Surat nu ditampi ku Dimas téh ditéangan nepi ka sakuriling *Kost-an* di daérah Kauman. Teu kapanggih, ahirna manéhna muka surat éta ku alesan bisi suratna penting. Eusi surat éta nyaritakeun yén Sekar nu keur brangta atawa *patah hati* nyieun sajak nyaritakeun *patah hati* manéhna ka Faisal. Ahirna Dimas mikir rék méré surat ka Sekar, sabari boga niatan rék dipangnéangankeun Faisal nu aya dina surat éta. Tapi waleran surat ti Sekar ménta surat nu salah kirim éta dipulangkeun deui waé ka manéhna. Sabulan-dua bulan susuratan, Dimas jadi boga rasa nu leuwih ka Sekar, manéhna ngarasa geus panceg ka Sekar sanajan can panggih jeung can wawuh pisan. Sekar nu tadina nyeri haté sabab tunanganna, Hendra kawin jeung awéwé nu lain, ku ayana Dimas asa kaubaran nyeri haténa. Sekar rék nendeun tineung ka Dimas tapi masih ngarasa sieun, sieun gagal deui jeung sieun ditinggalkeun deui. Sekar nyaritakeun sakabéh eusi haténa ka Faisal, sanajan Faisal sok haré-haré ngawalerna lamun Sekar nyaritakeun Dimas, aya imut-imut timburu dina waleranna.

Ku kaayaan ékonomi Dimas nu teu *stabil*, katambah boga tilu adi awéwé jeung bapana nu geus pupus. Nyababkeun Dimas kudu boga pangasilan nu leuwih, ahirna ku beurat haté manéhna cuti kuliah tuluy ka Jakarta panggih jeung Pa Alex, tokoh idola dina seni komik. Basa aya lomba ngagambar ilustrasi, Dimas dipuji ku Pa Alex, ditawarkan nyieun komik di Jakarta. Niat manéhna ka Jakarta, cicing di babaturanna, Supardi nu sarua sok ngagambar komik ogé. Dimas indit ka Jakarta, tapi Pa Alexna keur di luar kota. Nungguan geus saminggu, ahirna babaturanna Dimas nawaran mangnepikeun naskahna ka Pa Alex, Dimas balik deui ka Jogja. Buku komik hasil gambar manéhna geus medal, tapi lain ngaran manéhna, malah ngaran Supardi, sobatna.

Dimas nu bingung kudu kumaha deui ngangkat darajat kulawargana, jeung nikahkeun Sekar nu dipaksa rék dijodohkeun jeung anak buah bapana.

Ku lantaran jalma anyar ogé, Bapana Sekar hariwang anakna kanyenyieran deui lamun ka Dimas. Tapi ku tekad Dimas nu geus panceg, jeung ménta bantuan ka lanceukna Sekar, Dadang. Dimas datang ka Bandung panggih jeung Sekar ogé ménta restu ka Bapana Sekar. Ningali Dimas nu panceg ka Sekar, ahirna Bapana Sekar satuju saupama Sekar ka Dimas.

3.4.5 Biografi Singget Pangarang



Gambar 3.4 Tety S. Nataprawira

Tety S. Nataprawira lahir di Sukabumi, 18 Juni 1952. Ngumbara di Bantung ti rumaja kénéh, nepi ka boga rumah tangga. Cepeng gawé dina widang farmasi. Anjeunna mimiti nulis ti rumaja kénéh, najan sok riweuh ku hal séjén, anjeunna masih resep kana nulis. Ti taun 1982, ku alpukahna Aam Amilia, anjeunna ngilu aub di PATREM. Di taun 2013, anjeunna diajar nulis deui di Panglawungan 13, wadah diajar ngarang nu anu diluluguan ku Aam Amilia.

Anjeunna réa nulis dina basa Sunda, medal dina majalah *Manglé*, *Sunda Midang*, *Galura*, jeung *Tribun Jabar*. Carponna midang dina antologi babarengan: *Salikur Carpon Patrem* (2017), *Keretas Bodas* (2019), jeung *Surat Penting Pustakawati* (2020). Bukuna nu tos medal nyaéta kumpulan carpon *Basa Cangra di Florida* (2017), jeung *Kembang nu Dipitineung* (2021).

